



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.- Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 saqaris: (apes: f 1,25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemawah.



REGIPIOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek:

1 taon f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie:

XAVERIUS-COLLEGE

MOENTILAN N.I.S.



Drukkerij „Cantius” Djokja.

ISIN IPOEN:

Kantoe wilodjeng - Ingkang taklim - Frater D. Hardjasoewanda tindak dateng nagari Welandi - Tjekak atoe koela - Dr. Schmutzer medar sabda - Njekapaken rembag - Soetadi contra enz. - Pakem - Ontjen sekar gambir melati - Ingkang wadjib - Djadag goeroe - Nanggapi panjarowé - Katoer sadèrèk K.W.-K.W. - Oerap-sari - Panoentoening laré - Correspondentie.

KANTOEN WILOEDJENG.

Nalika koela tinoeding ing Pangangeng kakersakaken njepeng redactie, manah koela emar lan emir, ngéngeti sèkeng koela; sangsaja nalika dipoenpangandikani, bilih njepeng redactie Sw. T. poenika èstoenoipoen boten sanès kedjawi toemoet momong sadèrèk koela pijambak, kadang Katholiek Djawi!

Dawoeh kapoendi, sanadjan kanti ketir-ketir, djalaran manah badé soewala poenika, kedjawi tjengkah lan dradjad ingkang noedjoe dateng ka-Imaman, inggih asoeraos adrih kangélan, wegah njamboet-damel. Mangka „adrih kangélan” poenika kita boten naté dipoenwoelang; Moentilan, Ambarawa, Moendoet boten wonten vak (woelangan) adrih kangélan.

Dikakaken toemoet momong, poenika sebabipoen Sw. T. kerep ngemot dedasar lan menawi perloe merangi dedasar, ingkang nijat badé mbébahak banda kita, ingkang kedah kita tohi sakatahing toh. Djer koela jakin: tijang Katholiek atradjang boten tjara Katholiek poenika djoendjing tjara médjanipoen; dipoentoempangi poenapa-poenapa inggih mlorot, temah boten namoeng boten kénging kanggé njamboet-damel, wangsoel malah tansah dados sambékala, apesipoen ngerendret lampah. - Mila, koela kados sampoem boten sah njoewoen pangapoenten dateng sadèrèk ingkang roemaos ketaton, margi mbokmenawi radi kekerasan anggèn koela nemboengaken nijat badé ngéngeti sadèrèk ingkang radi-mèntjeng-saking-dedasar rembagipoen. Serat kabar kita dipoendines-dinesna kados poenapa inggih serat kabar awateg Familie-blad. Poenika djalaranipoen Sw. T. sanget prihatos, menawi wonten sadèrèk mowor samboe ing golongan sanès, réwara réwa tijang sanès, ladjeng ngoedal-oedal barang salebeting nggrijal.

Réhné Sw. T. serat kita pijambak, pedjah gasangipoen inggih wonten ing kita pijambak: prakawis isi wonten ing redactie lan para pandjoeroeng prakawis ragad wonten prijantoe lengganan, mligi prijantoe lengganan. Matoer „mligi,” sebab koran poenika ratjakipoen gesang saking advertentie. Sw. T., réhné namoeng serat minggon, toer kepangkoeing nama medal ing Moentilan, mèmper menawi rekaos ngoepados advertentie. Poenika djalaranipoen Administratie boten mawi ringa-ringa, nadyan mawi mawang tijang, ngéndel lengganan ingkang boten nglenggahi wadjibipoen. - Koela poedja koela poedji, sampoem ngantos Administrateur kapeksa nindakaken ingkang kados mekaten malih. Tijang mbajar poenika wadjib, ta, noen! wadjib dateng badanipoen pijambak, poenapa kénging kasangga miring?

Sasampoenipoen koela ngatoeraken djalaranipoen Sw. T. taon wingi toemindak radi nganèh-anèhi, samangké koela matoer noewoen dateng sadaja panjerat, ingkang sampoem sami toemoet manggoel bektanipoen redactie. Réhné sadaja pambijantoe mligi A.M.D.G., mila kados kirang sakétja, menawi koela seboetaken asmanipoen, tjekap koela pénggeti panggénan dalemipoen: (baoe kanan miwah kéringipoen Red.) Moentilan, Bandjerdjara, Solo, Soeratroenan, Ngajodja, Semarang, Ambarawa, Keboedja, Banjoemas,

Temanggoeng, Poerwardja, Wanagiri, Soerabaja, Malang, Singasari, Blabag, Kalibawang, Weltevreden, Bandoeng, Flores, Borneo, lsp., matoer noewoen! Moegi sami kersa nglestantoenaken sanadjan A.M.D.G. poenika boten kemrompjang.

Matoer noewoen oegi dateng P.K.W. toewin sadaja panoentoen K.W.-K.W. ingkang sami sagah apradah toemoet njanggi pikoelanipoen administratie. Sanget „kake-nan” koela mireng Pangarsa lan Secretaris satoenggiling K.W. ngendika: ngadjengaken poengkasaning kwartaal, koela tijang kalih saminggoe-minggoenoipoen apes tigan dinten nggandjret njekapi betahipoen administratie Sw. T. Ingkang dèrèng kados makaten, moegi sampoem anggalih kados-poendi-kados-poendi ngagem toelada poenika. „Dalang opah-opah poenika pantjen sangoening atradjang rasool.” - Ing ngriki - sanadjan temtoe boten dados renanipoen ingkang kataman - koela roemaos kalepatan, menawi koela badé kesoepèn Familie Dwidjasarajan, ingkang toemandang sabatih, saben-saben adm. koeroegan padamelan.

Woesana asareng poenika ndèrèk memoedji, moegi-moegi Sw. T. lan S. K. tansah saged saja ageng grengsengipoen, saja djembar djagadipoen, saja mindak sawab-prabawanipoen.

Sadaja kantoen wilodjeng! Mangga, Rama Soemarna, koela atoeeri lenggab koersi redactie.

D. M. HARDJASOEWANDA S.J.

Ngiras-ngiroes amboedjoeng tjekap: matoer noewoen dateng para prijantoe toewin Nakmas-Nakmas, ingkang sampoem paring „slamat djalan” mawi serat, kartoeos, toewin P.S. ing postwisselformulier oetawi ing artikel. H.

INGKANG TAKLIM.

Lantaran Swara Tama ngriki koela njaosi priksa dateng para sadèrèk sadaja, bilih koela katoedjing dados gentosipoen pandjenenganipoen frater D. Hardjasoewanda, ingkang badé tindak dateng nagari Welandi perloe neroesaken pasinaonipoen. Manawi koela namoeng ngéngeti awratng sesanggèn ingkang kabebahaken dateng badan koela, raosing manah koela ing kawitan meksa inggih radi pating prinding kados déné soekoe manawi saweg pinoedjoe gringgingen. Ananging sareng soemerep sepinten katahing pigoenanipoen Swara Tama kita, poenapa malih sepinten katahing sadèrèk ingkang sami mbijantoe, ngrèntjangi ngèntjengaken pepikoelan koela waoe, raosing manah makaten poenika waoe, ladjeng itjal lap, santoen raos bingah, mantep lan sengkoed, soemedia ngoedi amrih Swara Tama lestantoen saé toemindakipoen kados ingkang sampoem ngantos doemoegi wekdal samangké. Pramila pangadjeng-adjeng koela dateng para sadèrèk, ingkang loemintoe paringipoen pitoeloengan, ingkang pangalah ing sedy, sampoem maéloe dateng raosing watak, ingkang adrih lan miris dateng kangélan, malah menggaliha idam-idaman: „karti ndjoendjoeng dradjad,” poeroen ngetohaken baos soekoe amrih rahardjaning bangsa kita Djawi.

Mila njata sanget, kados pangandikanipoen frater D. Hardjasoewanda, jèn soeboer lan widadaning serat kabar kita namoeng goemantoeng saking wekel lan peteling sadèrèk kita Katoelik; wekel, petel, gadah memahan ngoerbanaken salira, sanadjan prasasat boten mriksani pitoewasing pandamelanipoen, wonten ing djaman awal ngriki.

Moegi-moegi K.W.-K.W. ingkang doemoegi sapriki dèrèng ketingal pradah, kersaa noetoeti lampahipoen ingkang wonten ngadjeng, kersaa toemandang tjakoet, boten poeroen kantoen. Moegi-moegi sadèrèk katoelik sadaja kadoenoengana manah

rasoel, ingkang ngoedi ndjembaraken djagad katoelik ing tanah kita ngriki.

Déné koela matoer noewoen dateng pandjenengan, frater Hardjasoewanda, ingkang sampoem maringaken momongan pandjenengan dateng koela. Rinten klawan daloe ingkang koela soewoen, sageda poen momongan waoe tansah anteng, djilma lan djatmika kados nalika wonten ing pangembangan pandjenengan, sanadjan kadang koela wonten békanipoen, ingkang boten sepintena. Boten langkoeng koela njoewoen pangèstoenoipoen kémawon sarta ndèrèkaken soegeng tindak, ing margi tinebihna saking sadaja roebéda lan sambékala, oegi wonten ing nagari Welandi sampoem kirang satoenggal poenapa.

B. Soemarna S.J.

FRATER D. HARDJASOEWANDA TINDAK DATENG NEGARI WELANDI.

Pepisahan poenika awrat; langkoeng-langkoeng pisah kalijan tijang sepoeh, sadèrèk oetawi kadang mitra ingkang sanget tresna, tjotjotj memahanipoen toewin katah pitoeloenganipoen.

Oepami laré makaten, Redactie toewin Administratie Swara Tama poenika sakalangoeng soemedot manahipoen, dipoentilar panoentoenoipoen. Makaten oegi Pangrèh P.K.W. sareng mireng pawartos, bilih pandjenenganipoen Rama D. Hardjasoewanda badé tindak dateng nagari Welandi, poenika manah sisah, bingoen, amargi kétjalian prijantoe ingkang dipoentiparasi momonganipoen i.p. Sw. Tm. Anamoeng sareng angéngeti, manawi tindakipoen waoe preloe badé neroesaken pasinaonipoen, toer kanggé imam, sisahing manah ladjeng birat sanalika, djalaran gadah pangadjeng-adjeng, bilih tjatjahing imam Kath. Djawi badé énggal mindak malih. Nalika Sw. T. katilar pandjenenganipoen Frater A. Soegija poenika Pangrèh P.K.W. inggih sisah saha bingoen, awit manah kawekèn anggènipoen madosaken gantosipoen.

Saking sih parimiraning Pangéran, déné teka inggih ladjeng kaparingan gantos, ingkang oegi tanggon; tradjanging boten siwah kalijan Redactie lami. Manawi wonten sadèrèk ingkang badé anglanggati pametiking éblis ing karna, gadgaga ngasta djemparing kanggé nebihaken poen éblis waoe sarta paring pitehad dateng sadèrèk waoe, temahan dados saénipoen.

Pranjata Fr. D. Hardjasoewanda waoe boten ngemoengaken dados redacteur oetawi administrateur kémawon, ananging oegi anetepi kados déné panoentoen oetawi pangén; andjawi poenika katawis sanget anggènipoen ngoedi amrih tansah saénipoen Swara Tama.

Manoet ingkang koela atoeeraken ing ngadjeng, kados boten sakedik lelabetanipoen Fr. D. Hardjasoewanda dateng serat kabar kita: Sw. Tm., pramila P.K.W. inggih roemaos kapotangan katah toewin boten badé kesoepèn dateng paringipoen sih kadarmen, badé kaéngèt - éngèt ing salaminipoen.

Boten langkoeng P.K.W. namoeng ngatoeraken gending panoeuwen toewin ing bédjng tindakipoen andèrèkaken soegeng; moegi-moegi wonten ing margi sepen ing bebaja, kalih ing goda-rentjana, widada ngantos doemoegining ngendon.

Wasana panjoewoenipoen P.K.W. dateng para prijantoe ingkang maos serat poenika, moegi karsaa angloentoeraken sih paring pangèstoe saha njoewoenaken (njembahjangaken) dateng ingkang moerbèng toewoeh, ingkang soepados pandjenenganipoen Fr. D. Hardjasoewanda waoe sageda kasembadan ingkang sinedya, tinebihna ing sambékala, wiwit dinten poenika ngantos wangsoelipoen malih dateng tanah Djawi.

Kaambalan sapisan engkas: „Andèrèkaken soegeng tindakipoen!” Pangrèh P.K.W.

TJEEKAK AOS ATOER KOELA.

Atas namanipoen Sw. Tm. dalah pamaosipoen, kaparenga koela matoer kados ing ngandap poenika.

Tindak Pandjenengan, dateng Nederland, Ki Raka! sanget njoemedotaken manah koela!

Tindak Pandjenengan, adamel nggrantesing pikir koela, Rama! Soemedot déning tinilar: Kadang, sepoeh, Bapa, Pamomong!

Anggrantes déning kontjatan: daja mitajani!

Pandjenengan mesti saged ngoengkabi sapinten nalangsaning manah koela! Djer, koela ngalami sasarengan mikoel papanggoelan kalijan Pandjenengan, sareng-sareng nglampahi sangsara, pedes, pait, étja miwah sakétja, mangka samangké Pandjenengan katilar! O, boten kadosal Tangèh jèn sageda kawedar wonten ngriki sadaja!

Éwadéné inggih ladjeng koela poepoes. Djer tindak Pandjenengan angeloati gagajoehan ingkang langkoeng loehoer, langkoeng sampoerna, langkoeng oetamal!

Boten langkoeng koela namoeng moemoedji: moegi Pangéran angidjabahi panjoewoen pandjenengan!

Kosol - wangsoelipoen, moegi Ki Raka karsa mangèstoni sageda Sw. T. saja sembada!

Namoeng poenika atoeer koela!

Bekti, taklim miwah pangastawa saking kantja babrajan njamboet-damel.

Poen: A. S. Dwidjasaraja.

PRADJA RAHAJOE.

Dr. SCHMUTZER MEDAR SABDA.

II.

Kagem tjeplikan Dr. S. moendoet boekoenipoen Dr. Pool.

Manoet St. Thomas - makaten ngendikanipoen Dr. S. - sampoem dados kodrating manoengsa tijang gadah bangsa lan karèh ing atoeeran (organisatie), ingkang toedjoenipoen badé njekapi kabetahaning gesang.

Golongan - bangsa kalijan pradja poenika titimbanganipoen dados kados lelajananipoen atoeeran kalijan atoeeran. Nanging manoet pernatanning kodrat, golongan-bangsa langkoeng sepoeh tinimbang pradja.

Pradja dadosipoen mawi kadamel lan saged risak margi kadamel; golongan-bangsa dadosipoen dangoe lan saking sekedik, lan angèl sanget sagedipoen woek-itjal sipatipoen. Saking bapa loemintoe dateng anak, anak dateng toeroen, makaten tijang anggènipoen pikan-toek tengering bangsa, ngantos dados tijang banga „iki lan doedoe ikoé”.

Pramila sampoem barang samestipoen menawi tijang poenika dateng bangsanipoen lan dateng tanah woetah-rahipoen kraos roemaket.

Manoet panggalihipoen St. Thomas mila tijang, sasampoenipoen nglampahi wadjibing katresnan dateng Pangéran toewi tijang sepoeh, angka satoenggal kadjabah kedah ageng panarimah, pangadji-adjji, toewin pitoeloengipoen dateng tanah woetah-rahipoen. Inggih poenika sebabipoen wadjib dateng tanah woetah-rah kedah kadamel langkoeng roemijin tinimbang dateng pradja.

Nalaripoen: pradja poenika namoeng sarana, sarana kanggé damel lestantoen lan rahadjenging bangsa, bangsa ingkang sampoem oemadeg. Pramila pradja (Pangerèh) ingkang mlèsèt saking toedjoe, oetawi boten saged dados sarana katjempingipoen ingkang katoedjoe, kedah kaéwahan. Jèn èstoe mlèsètipoen pradja waoe barang njata, golongan-bangsa kénging ngoesoelaken paneda, doemoegi ameksa pisan; soepados sampoem ngantos sadèrèk djoeti sampang - moempoeng, temah ngantosngalang - alangi mangoen - pernatanning-pradja ingkang langkoeng saé, ingkang dados panoentoen wonten ing ébah-ébahang ngrikoek kedah para pepilihane bangsa. Réhné dat-wewatekaning pradja

mligi sarana anjepeng karahadjenganing-bangsa, mila sampoem nama toeroet toewin salaras, jèn ta banga (volksgemeenschap) angoedi dateng kamadjengan, kamadjengan babagan pranatanning pradjanipoen pijambak (de ontwikkeling van een eigen Staatsordering); angoedi moerih bangsa boten mandeg nama bangsa, wangsoel dados bangsa ingkang djangkep pengaosipoen. Pernatanning pradja waoe kedah kadapoek salaras lan tetanggelanipoen, anggèn i. p. tetanggelan anggènipoen kedah adamel indaking karahadjenganipoen bangsa sagolong - golonganipoen; djer menawi boten mekaten, sampoem tanpa doenoeng manawi wonten pradja (poenapa) poenika, lan pangerèh, amrih rahadjenging tijang sadaja ladjeng nama sampoem mestinipoen jèn kapasrahna dateng pangerèh sanès, ingkang langkoeng saged njanggi tetanggelan waoe.

Pramila kaerèh ing bangsa sanès, inggih sanadjan ingkang ngerèh waoe andamel koloni dateng tanah ingkang kabawah, ingkang kerep-kerep boten namoeng barang kénging dipoenogemi, nanging inggih adamel rahajoe, lan tijang ingkang ambawahaken waoe kedah roemaos jèn gadah koewadjaban dateng ingkang dipoenawahaken ngekahi pangowaoisipoen (staatsgezag) sarosanipoen ngantos ingkang kabawah waoe doemoegi diwasanipoen saged njepeng poesaraning pangerèh, pangerèhing pradjanipoen pijambak, ingkang saged damel tata-tentrem lan widada.

LARASATI.

NJEKAPAKEN REMBAG.

(Teroesipoen.)

4. Wanita katholik ngertos lan ngakeni bilih kawontenan kados ingkang sampoem katoer, boten ateges oetawi nélakaken, bilih wanita tanpa wewenang (een toestand van rechteloosheid). Pangéran boten ndanganaken, jèn tijang èstri badé goemantoeng dateng sakadjening tijang djaler. Mila nama saroe djoelek leres-leres, boten miwang satjengkang saking dedasar katholiek, bilih tijang èstri, samangsa tijang djaler migoenakaken awon dateng wewenangipoen, pikantoe kalonggaran sawatawis, waton boten langkah watawis, bilih tijang djaler leloerahing grija. Mila para wanita katholiek ing Djerman sanget mangajoe bagja dateng burgerlijke wetboek énggal, ingkang ngawengi mengkoni lan ngajomi kamardikaning tijang èstri langkoeng rowa tinimbang ing djaman ingkang sampoem-sampoem. Samangké tijang èstri Djerman saged damel kontrak pijambak, kados doek dèrèng émah-émah, waton boten mitoenani betahipoen ingkang djaler. Tijang èstri kedah manoet ingkang djaler, nanging manawi tjeta neda sagablangingipoen, bilih tijang djaler boten samestipoen migoenakaken wewenangipoen, tijang èstri boten sok mitoeroet.

Ing nagari Welandi wonten ing wet op het arbeidscontract wonten pranatan-pranatan ingkang ngajomi wewenangipoen tijang èstri. Manoet angger poenika tijang èstri kénging damel kontrak njamboet-damel lan nindakaken sadaja ingkang gandèng lan kontrak waoe oepami wonten ngadjengipoen pradata, njoekani kwitansi lan sapanoenggilipoen tanpa ingkang djaler. Pamedal saking kontrak waoe tijang èstri kénging njepeng pijambak, lan nandjakaken kanggé betahipoen grija tanpa predoeli tijang djaler. Mangga, tal anggering negari ingkang mekaten poenika pantes pinoedji ingalembana, margi, kados makaten toehoe roedjoe lan dedasar katholiek.

Temtoenipoen kadang wanita dèrèng marem, djer ingkang kados makaten ing ngriki dèrèng toemindak! Koela ladjeng matoer: mawas poenapa-poenapa poenika kedah mawi waton. Ing ngriki wewaton djagad wanita manoet dedasar katholiek, mila toelada inggih mawi

ingkang sampoen toemindak. Déné wonten wewaton sanès, waton saged nerangaken, bilih saroedjoe lan dedasar katholik, koela saged mirengaken.

Manawi koela tjekak atoe koela ingkang wingi-wingi doemoegi samangké, oengelipoen: Wanita katholik andoewa datang panedani-poen tjang èstri dateng absolute gelikstelling (pada babar pisan) kalijan tjang djaler, margi ngertos lan ngakeni, bilih dradjading wanita kados wontenipoen poenika: 1. sampoen salaras lan kodrating wanita. 2. pranatan Dalem Pangéran ingkang kados makaten poenika sanès kawontenaning batoer toekon. 3. kawontenan kados makaten satoehoe boten ateges tjang èstri kirang pangaosipoen. 4. Kawontenan ingkang kados makaten babar pisan boten ateges bilih tjang èstri boten gadah wewenang.

Minangka panoe toep, koela kados boten sah njambati pangandikanipoen sad. Rara Koemenjar. Prakawis bédang djaler wanita physich lan psychisch sampoen kapoetoes rama Redaktoer; prakawis babagan „Vrouwenvraagstuk” koela tjang kalih, oepami rembag ragi ketinggal béda, poenika boten margi prakawis satoenggal béda pangrembagipoen, nanging djedjering rembag ingkang radi sriwangan pehak béda-béda ingkang sami kagepok.

Rembag „Vrouwenvraagstuk” pe-tjahipoen dados gangsal prakawis i. p.: I. Kados-poendi pamanggih kita menggahing panganjanging wanitadjaman-samangké dateng samini-poen-babar-pisan kalijan tjang djaler. II. Kados-poendi pamanggih kita menggahing panganjanging soepados tjang èstri kasamékna lan tjang djaler ing babagan-economie toewin III. politiek.

IV. poenapa wadjabing tjang èstri ing babagan social.

V. Kados-poendi kedah panggoela-wentahing bangsa wanita.

Lha koela saweg ngrembag I. Ingkang koela anggé babon serat Sociologie, anggitanipoen prof. Aengeent, samangké djoemeneng Bischop ing Haanlem, boekoe babaran taoen 1929. Sanès dinten manawi doemoegi, réhné rembag ingkang ramé babagan politiek, koela ngrembag pérangan III.

A. SWASTI ASTOETILAH.

KOEROE SÉTRA.
SOETADI CONTRA CONFES-SIONNEEL BIJZONDER ONDERWIJS.

Wonten parepatan Raad Kawoela 30 Djoeli, sadèrèk Soetadi mahjakaken pamanggih toemrap lalajananipoen sekolahan partikelir nétral kalijan ingkang mawi, dadasar Agama. Pandjenanipoen boten kagoengan pangalih makaten-makaten toemrap sregepi-poen pangrehing sekolahan adadasar Agama. Ingkang sanget dipoenraos poenika bédaning soebisidi ingkang dateng sakolahan partikelir mawi Agama kalijan ingkang nétral.

Nitik Memorie van Antwoord, pamedar sabda anetepaken bilih Nagari poenika ingkang bakoe angarsakaken sekolahan Kristen. Déné manawi tjangipoen boten narimah, ladjeng dipoenparingi sakolahan nétral.

Mijnheer Soetadi! Tjara gampilan koela makaten! Pandjenangan ne- tpepaken awawaton Memorie van Antwoord bilih Nagari ingkang bakoe angarsakaken sekolahan Kristen, ladjeng nétral. Manawi Nagari *temen* toemindak makaten, pandjenangan rak inggih kedah boten anggetoeni bédaning soebisidi ingkang toemrap dateng golongan sakalih-kalihipoen waoe ta?? Djer poendi ingkang dipoentresnani poenika pikantoeipoen sih inggih langkoeng katah.

Sadèrèk Soetadi ladjeng anedahaken tjtjah-tjtjah sawatawis kanggé angijataken patoranipoen. Ing Ngajogjakarta poenika lo wonten Standaardsscholen 23, ingkang woloe gadahanipoen golongan R.K., ingkang 6 Protestant. Ing Soerakarta Standaardssch. 44, ingkang 12 R. K. ingkang 23 Protestant! Schakelschool tjtjah-ipoen pamedar sabda 9, poenika ingkang

boten adadasar Agama namoeng satoenggal. Sekolahan Mulo ingkang angsal soebisidi wonten 26. Poenika ingkang 20 adadasar Agama.

Mijnheer Soetadi! Ing ngriki koela ngambali pangandikanipoen toewan *Ten Berge* rikala njelani wedaring sesorah pandjenangan: „*Dan bewijst dat, dat wij ijveriger zijn!*” — „*Poenika amratandani bilih kita langkoeng sregep!*”

Mijnheer Soetadi! Kawoeningana inggih, wiwit kina doemoegi sa-poenika, wiwit samangké doemoegi mbéndjing, Pasameoan Katolik tansah amerlokaken onderwijs. Ing poendi Nagari ingkang kambah Katolik, ing ngrikoeng katingal tjtjahing sakolahan Katolik (partikelir) langkoeng katah, langkoeng padjeng! Margi makaten waoe, tetijang ingkang sengit, ladjeng angosikaken panggalihipoen Nginggil soepados ngalang-alangi sakolahan Katolik (Kristen).

Kita anggadhahi dedasar: „Apa-apa koewi ora kok koedoe Nagara sing anganakaké! Loewih-loewih prakara sakolahan! Awit, njakolahaké anak mono mardika! Sing doewe wewenang marang anak, si bapa, doedoe Negalar Kaanteapan kita: „Nagara kanggo kawoela, doedoe kawoela kanggo Nagara!”

Toemrapipoen kita, mongkog sanget ningali madjenging sakolahan-sakolahan partikelir ing tanah ngriki! Saja katah saja prajogi! Ingkang makaten waoe inggih margi ngandemi dedasar kasebati! Penget. Dedasar makaten kalindihipoen déning dedasar! Mila sinten ingkang badé ndoewa sakolahan adadasar Agama, inggih kedah ngawonaken roemijin wawatonipoen! Boten kénging namoeng kaberoe raos boten senengi! Boedi ingkang leres kedah dipoenagem!

„Ing sawenèhing sakolahan Goepermèn ingkang mesti, kerep kémawon tanpa woelangan basa Walandi (Ook wordt er op zekere openbare scholen geen Nederlandsch gegeven, op confessionneele scholen wel.) Ingkang makaten waoe sampoen temtoe kémawon tjang sepoeh inggih ladjeng langkoeng seneng njakolahaken anakipoen dateng ingkang mawi woelangan Walandi.” Mangka ing sakolahan confessionneel mawi.

Mijnheer Soetadi! Mangga ta pandjenangan koela atoei amboedidaja soepados sadaja sakolahan Goepermèn sampoen ngantos wonten kawontenan kados ingkang pandjenangan sarowé poenika! Mangga koela atoei ambijantoni warga Raad Kawoela toewan *Roep* ingkang wonten ing parepatan R. Kw. (oegi tanggal 30 Djoeli) kawedar panjoewoenipoen dateng Nagari soepados sakolahan-sakolahan angka kalih dipoenwoelangan basa Walandi.

Wasana pamedar sabda najogyani sanget manawi tetijang Pribemoen Kristen pikantoe onderwijs Katolik toewin Protestant ingkang bregas. Nanging Nagari toemrap tanah-tanah Islam ngriki inggih kedah andjagi soepados tetijang Islam saged pikantoe sakolahan ingkang dédè Kristen! . . . Maar de regering moet voor deze Mohamedaansche landen zorgen, dat de Mohamedaans niet-Christelijk onderwijs kunnen krijgen voor hun kinderen.)

Mijnheer Soetadi! Poenapa Paréntah samangké poenika boten sampoen toemindak makaten?? „Koerang akèh!”

O, poenapa Nagari boten sampoen ichtijar angatahi??
Pakné Tartiana.

INGKANG WADJIB AMANGGALIHA!

Mèh salebetipoen kalih woelan Juni lan Juli poenika, sadaja tjang ingkang loemampah medal margi sawétan peken Moentilan doemoegi peken Djapoehan, lan sakilèn kampoeng Poetjoengredjo doemoegi ing margi pratigan sawétan doesoan Srowol (Mendoet) sampoen tamtoe jèn anggresoela, langkoeng-langkoeng toemrap tjang noempak fiets, grobag, kréta, motor, kapal lan sanès-sanèsipoen tamtoe tambah panggersoelanipoen. Djalaran ing margi

waoe pantjèn boten pados djembar, ing mangka kinten-kinten kalih woelan kasbat ing nggiling dipoenpasangi ril lori kanggé momot teboe déning Onderneming. Tambah-tambah pamasanging ril waoe doemoeng- oeng ing tengah-tengahing margi, oetawi malih garapipoen kasar pating pandjoenoeok, pating djloewok. Ingkang makaten waoe temtoe kémawon adamel karépotanipoen sadaja tjang ingkang ngambah ing margi waoe.

Kadjawi poenika kados déné para prijantoen ingkang ambawahaken lan pantji doemoenging ing satjelaking papan waoe, bok inggih karsa paring tetenger gawar ing poendi papan ingkang perloe, soepados sadéngah tjang mangertos jèn margi waoe pantji wekdal poenika boten kénging kanggé langkoeng grobag, kréta lan motor. Enggal mangké mèh kémawon wonten grobag momot gamping saking Ngajogija katjelik medal ing wétan peken Moentilan badé teroes medal peken Djapoehan toedjoenipoen ladjeng wonten tjang ingkang soeka soemerep, oepami sampoen kaladjeng doemoegi kidoel papan ril waoe, lak inggih kodjoer. Badé wangsoel mangalèr sampoen tebih wah malih margi tjihoet toer minggih, badé teroes mangidoel boten saged.

Nanging sarèhning margi ingkang koela atoeraken waoe saking panginten koela kalebet margi doesoan, dados ingkang wadjab ngeroes poenika inggih loerah doesoan, nanging mbokmanawi para loerah doesoan poenika sampoen sami kawraton padamelan sanès, ngantos boten kober ngeroes prakawis margi-margi lan kreteg-kreteg.

Tandanipoen kadjawi ingkang sampoen kasbat nggiling, ingkang koela ngertos lan koela soemerepi tjeta inggih poenika margi saking kita Moentilan mangidoel medal waoeng Ngasem teroes doemoegi doesoan Dawang marginipoen katah ingkang pating djloewok séla totok, malah kreteg sawétan doesoan Gedjagan bawah loerah Sriwedari poenika kreteg risakipoen nalika nengah-nengahi mangsa rendeng, anggènipoen ndandosi kinten-kinten saweg 1½ woelan.

Mangka anggènipoen ndandosi sapisanipoen namoeng sakérah-kérahipoenkémawon. Sanadjan dipoendandosi éwasamanten meksa derèng kénging kanggé langkoeng kéwan. Sampoen malih kéwan, saweg tjang kémawon manawi boten ngatos-atos inggih kadjeblos teroes dawah dateng lèpèn. Nanging kinten-kinten tengahaning woelan Juli poenika sampoen dipoenroeg siti, nanging inggih derèng saé. Kreteg sakidoel doesoan Ngetos ingkang andandosi jèn boten klèntoe onderneming. Wah jèn makaten poenika majar.

Loel! goemoen koela poenika kadosdéné bangsa onderneming poenika kok koewaosipoen anggigirisi ing atasipoen margi poenika lak be-tahipoen tjang katah, ladjeng dipoenpasangi ril ingkang pating saléngkrah, mangka ngantos pinten-pinten dinten, lakok inggih boten dados poenapa. Sapoenika dipoenwalik, margi jasaning onderneming ladjeng kaanggé déning tjang Djawi kado makaten, poenapa tjang ingkans nganggé waoe boten ladjeng karag woehan déning srémpang djené-srémpang abrit lan srémpang idjem, mokal jèn bontena.

Woesana sadaja katrangan koela poenika moegi kagaliha déning ingkang wadjab.
Koela: fiets Triumph.

DJAGAD GOEROE (ONDERWIJZER).

Nembé mangké koela mireng kabar, para sadèrèk G. B. (Goeroe bantoe) sami nampi kanoegrahan, inggih poenika waledan blandja. Wah, sadjakipoen sami gijak-gijak, saking agenging noegraha poenika. Nanging inggih wonten ingkang setengah mlenggong, awit manawi dipoenétang-étang, noegrahanipoen poe-

1. Nagari Tjina.

Regeering Tjina sampoen nemtokaken, bilih dinten Nghahad poenika dinten ngaso. Poenapa margi adrijh nerak dawoehing Pangéran? Saged oegil Nanging ingkang katjeta: amoeng margi njoemerepi lan ngroemaosi, bilih pitoeng dinten sadinten kanggé ngaso poenika pantjèn perloe, soepados badan lestantoen saé. (Dados boten margi wawasan saking godsdienstig, nanging saking Sociologisch oogpunt).

Lha inggih soemangga anggènipoen badé mastani, tjekaking tjekak patent London: anggering Pangéran (ingkang soeraosipoen: tjang kedah midjèkaken wekdal kasoetjèkaken dateng pangbadah) poenika saé inggih toemrap dateng SOEKMA, inggih toemrap dateng BADAN.

2. Kaanteapan kita.

Roemijin anggering idam-idaman: kabèh pangodoi lan pamboedi-daja koedoe katoedjokaké marang rahajoening pradja. Poenika idam-idaman kina, idam-idaman mbelasar, idam-idaman andéwa (nganggep goesti dateng pradja) dateng djagad. Dados panasaran ageng-agengan!

Goesti rawoeh. Mangoen kradjan. Kradjan rohani. Tjang bawah Dalem ngidam barang ingkang langkoeng loehoer lan „adji”. Makaten tjang gadah toedjoe ingkang boten tjampoer lan toedjoening pradja, djer wonten sangingiling toedjoenipoen pradja. Tjang ingkang kebawah ing Regeering Dalem mila ladjeng béda sanget lelajananipoen (verhouding-ipoen) kalijan nagari. Poenika djalaranipoen, kita kedah angodoi sampoen ngantos nagari damel oendang oetawi angger, ingkang saged dados alangan katjepengipoen toedjoe ingkang inggil waoe. Nagari (pradja, Pangerèh) poenika sarana; sarana amrih saénipoen manoesa. Dados tjang lan pradja lelajananipoen kados toekang lan pirantosoepoen; pradja (Pangerèh) kanggé tjangipoen, boten tjangipoen kanggé pradja. . . . Pramila, kadang koela ingkang badé molitiek, koela atoei tansah ènget.

3. Nationalisme.

Kita kedah ambédakaken: nationalisme mlèntjeng (nationalisme A.) lan tresna dateng bangsanipoen mawi katresnan sedjata [nationalisme B.] Nationalisme A, mentjoengloelipoen medal margi tiga; i. p.:

1. Chauvinisme, 2. Irredenta, 3. Pasameoan-kabangsan [Kirchentum].

1. *Chauvinisme*. Poenika raos-roemaking tjang dateng bangsanipoen, ingkang moeroegaken tjang damel KAWON sadaja wawasan lan dedasar, tinimbang bangsa. Liripoen: bangsa kadamel langkoeng inggil tinimbang lan sadaja-sadajanipoen; lan sadaja-sadaja toedjoenipoen namoeng kedah kanggé rahajoening bangsanipoen; mila chauvinistngoe-gemi; toedjoening manoesa moeng moerih rahajoening bangsané; ngantos „rahajoening bangsané” dipoenanggep takeraning kasoelilan, toeking wewenang, titikan awon-saéning politik; malah manah dateng bangsanipoen dipoenwastani ngibadah! Kadjeng koela: béla marang bangsané poenika dipoentemboengaken: ikoe ngibadah, soewita ing Allah.

2. *Irredenta*. Poenika raos-roemaking tjang dateng bangsanipoen pijambak, ingkang moeroegaken tjang wonten salebeting nagari ingkang warni-warni bangsanipoen, tansah damel ramé, margi anggènipoen namoeng badé njoengolaken, ngoeingolaken, adamel sakétjaning bangsanipoen pijambak.

3. *Pasameoan-kabangsan*. Poenika raos-roemaking tjang dateng bangsanipoen, ingkang moeroegaken tjang manah, bilih agama kedah kadamel kangsan, sebab bangsa langkoeng inggil tinimbang agama.

Nationalisme B, tembé wingking, manawi doemoegi.

Moegi-moegi sadèrèk koela sampoen ngantos kesoepon dateng ageng-agenging angger Dalem: Tresna marang sapada-padanira kaja awakira déwé.

PRAMILA.

nika malah badé damel toeni ing tembé wingking. Lan wonten ingkang moeng: „Toenaa kaé wong bésoek ja ora nglakoni rekasané wé djé.” Kadjawi kanoegrahan poenika, sadèrèk G. B. taksih gadah (angsal) kabingahan sanèsipoen, i. p. margi wontenipoen Normaalleergang. Margi saking pentjoenging Normaalleergang, sadèrèk G. B. badé kadoemoegèn idam-idamanipoen anggènipoen badé njamèni N. S.ers. P. f., moegi widadaa!!!

N. S.ers saweg nemahi sakit, malaria menawii! Tjebi dipoenpriksani, dipoentamat-tamataken:

a. Roemijin Pamaréntah nggatosaken sanget dateng N. S.ers, katanda anggènipoen njækaken piwoelaning N. S. (ing atasing pirantos). Poenapa malih kasagahanipoen dateng N. S.ers inggih ageng, oepami: babagan Taalcurcus, gymnastiek-curcus lsp. N. S.ers dipoenaoesi sanget déning Maatschappij, tandanipoen N. S.ers roemijin wonten ing pakempalan-pakempalan kerep angsal aleman.

b. Nanging sapoenika kados-poendi? Poenapa wonten sadèrèk N. S. er ingkang wonten ing Taalcurcus oetawi gymnastiekcurcus? Tjtjah-ipoen pinten? Poenapa tjara Walandinipoen boten njandak? N. S.ers saking Moentilan kados sampoen wonten, lan r a g i k a t a h ingkang saged tjara Walandi. Margi tjtjaling K. S. kagantos H. I. K. Djadjahanipoen K. S. lieren kadosoek H.I.K.ers; K. S. lieren gentos ndesoek djadjahanipoen N. S.ers. Kadospoendi ladjengipoen? Angsal kenini derèng? E, djeboel malah ndrodog.

Koela mireng G. B.ers badé sami kalijan N. S.ers, margi wontening Normaalleergang???

Wonten kabar (angin) malih, H. K.ers kepéngin sami dados Hoofd schoolopziener wonten sekolahan angka II. Hara ta, soewéné ora apa-apa wé, saiki mèloe-mèloe!!! Apa sekolahan angka II ki pantjèn: „gemah ripah loh djinawi ja?”

K. S. lieren kados-poendi? Sami ketoelaran sesakit.

Wiwit taoen 1925, sadèrèk wadalan K. S. kètjalan hak ing atasing 1ste. Inl. onderwijzer. Boten dangoe pitoewas moelang sijang, ingkang waoenipoen f 10 dados f 4 (per wekelijksch lesuur per maand). Noenten soeda aosing diplomanipoen; roemijin sami kalijan diploma Mulo, sapoenika sami kalijan K. E. tambah 4 taoen (pasinaon). Indakandening blandja kanggé mantri goeroe (ingkang dados V. I. O. lan taalonderwijzer) roemijin f 100, sapoenika badé kaedakaken dados f 50 oetawi f 25. Prekawis poenika dados ramé wonten ing kalangan K. B. Tjrisoepoen jèn éstoe kalampahan mekaten badé damel awoning

sedaja pamoelangan, (N. S., angka II sapengandap), margi badé ngandapaken peilipoen. Tjebi dipoentoesi!!! S. O. oetawi H. O. waras-wiris. Nanging inggih derèng marem, ajem. Tandanipoen sami pados leleresan awis.

a. H. O. sok dipoentambahi padamelanipoen S. O.

b. Tetandaning wekdal pènsioen (30 kalijan 35 taoen) lan tetandaning salarieering (f 100 kalijan f 150) poenika derèng mateok.

P. S. O. gadah toedjoe badé ngedalaken kalawarti woelanan ingkang ngewrat tjara lan kabetahaning piwoelaning. Pantès sinoedarsana! Golongan goeroe pantjèn derèng gadah organ ingkang ngrembag padamelanipoen ing sadinten-dinten. Koela ngadjeng-adjeng énggala medal.

Wasana koela tjoeag semanten kémawon.

Aksamanta MARTAJA.

SERAT KINTOENAN.

(Sadjawining tanggulan redactie).
Nanggapi panjarowé.

Sampoen kalimrah, lampahing ngagesang poenika mangsa kala tampi panoewen saking sanès, kanggé adakan mesti rena manhipoen.

Kosok-wangsoel saeopami kadoemoek tjtjad oetawi lepatipoen, sanadyan wosing pandemoek waoe loeoge namoeng adapoe oppouwend, éwadéné meksa nggrondjal kipa- kipa. Saja malih toemrap tjang ingkang taksih asor dradjading kamanoesnganipoen, boten wigih nandoekaken temboengan ingkang kirang moenggoeh kalijan larasing kasoelilan. Ing pangraos, kedjawi oengil kirang saé poenika minangka oesada kanggé nglegakaken wetengipoen, nginten manawi tjang katah mesti ngandel dateng kodjahipoen. Kasoepèn manawi kanjataan poenika boten kénging dipoenpaéka sarana temboeng poelasan ingkang mratjihnani asoring beboedènipoen.

Sawedaling gegoebahan koela kawrat ing Swara-Tama angka 17, jektosipoen telenging manah sepen ing pangadijeng-adjeng oetawi panginten manawi badé nampi panoeaktora, déning ing ngrikoeng moenggoe loeoge njarijosa- aken kawontenan ingkang mila pantjèn njata wonten jektos! Djeboel babasan nginanga derèng abrit, idoea derèng asat, tanpa sangkan mireng swara koemritjik, boten roemaos angoebengaken djantja, doemrodjog tanpa larapan mak djedoe! ketamoean prijantoen doeka-doeka, hm, matoer noewoen!!!

Panoekartaning karangan koela ing Swara-Tama angka 19 poenika, pantjènipoen makaten kirang preloe koela tanggapi. Amargi sanadyan soeraosipoen katingal malèst saking bakoening rembag, ingkang mestinipoen para maos boten badé kekilapan, nitik laraping sandjata pangandika, teka kados panjarowé ingkang mijos saking toetoeipoen prijantoen ingkang saweg radi gerah; *njoemanggakaken*. Éwadéné inggih boten wonten awonipoen koela langgati sawatawis, soepados sampoen ngantos ndjalari rangoe-rangoeipoen para maos.

Koela noewoen, sadèrèk Dr. sareng maos karangan koela mitoeroet pangakenipoen, goedjengipoen tan kénging ingampah lir swarèng panjantak ngantos kepingkelip- kel. Poenika poenapa inggih tenan: ta nèh! Mangké gèk kekelipoen poenika namoeng minangka kekeliring padaran mangkel; amargi gegoebahan koela poenika dédè bangsaning loeloetong ingkang nggoedjeng- aken. Minangka pikijtjag pamoengkiripoen, pijambakipoen ladjeng mak dé mendet waton pasaksèn saking G. A. barang, koela kate-

PANOENTOENING LARÉ

Sambetipoen Sw. Tm. no. 25.

oetawi laré kalepataken ladjeng dipoen-gitiki ing bapa, ananging sakésahing bapa, laré dipoenrangkoel-rangkoel, dipoenloes-loes, sarta witjantèn: „Bapak nakal, ja, wis menenga baé, pantjèn bapak ora genah, sésoek dak tjekokané tai kendil;” ingkang makaten waoe laré mesti kraos dipoebantoe ing bijoeng, boten badé gadah njata, ngleresaken kalepatanipoen, sarta aosing bapa prasasat itjal déning tindak ingkang kados makaten.

Djalaran saking kalepatan waoe, bijoeng tampi paoekoeman pijambak, awit laré dados wani, kirang adrijh, boten noeroet, sarta boten kademoegèn ingkang dipoensedyia inggih poenika tinresnan ing laré.

Laré ingkang kaegoeng, dados-

poen boten saged ngaosi kasaémannig bapa bijoeng, lan boten gadah kren- tek ngatingalaken panoewoenipoen; tjang sepoeh ingkang ngoedja laré tetep boten tresna ing laré, ananging tresna dateng badanipoen pijambak ngoepados kemajaran, boten poeroen roemaos sarana menggak pikadjeng- aning laré.

Mila sampoen mèmper kémawon woesianipoen laré boten males tresna, malah asring damel kawir- aning, awit déning tansah anggega pikadjenganipoen pijambak.

Inkang poenika wadjabing goeroe panggoela-wentah, sampoen ngantos namoeng ngoepados ingkang kanggé badanipoen pijambak kémawon, be- tabing laré oegi kaoedija sanget, manawi makaten, sarta boten adrijh reka- os, temtoe badé manggih bebingah, awit wohing pandamelanipoen badé ageng, anggènipoen nélakaken ka- tresnanipoen boten awoedjoed pa-

ngeloes-eloes, ananging awarni pan- djagi, lan pangodoi moerih laré ing tembé saged sakétja wilodjeng ge- sangipoen, boten oesah laré dipoen- rangkoel-rangkoel, manawi goeroe pamardi séwaja katingal pribatos lan ngrembag dateng wilodjenging laré, laré inggih ladjeng ngretos lan roema- os, tindak makaten waoe wohipoen badé ageng, panarimahipoen laré ing- gih badé katawis tjeta. Menawi dja- saning goeroe dateng moerid ageng, sanadjan boten tampi bintang, sarta sampoen mantoe dateng kalang- gengan, inggih taksih badé dipoen- émoet-émoet ing moerid-moerid lami.

Woesana panganggènipoen serat poenika, sageda katah pigoenanipoen.

TAMAT.

tepakan kawon, salah, kosok-wangsoelipoen inggih wonten ingkang teroes wani ngaken, resik, betjik, apik. Éwasamanten, kadjawi para tjétrakan ingkang taksih roepak polatanipoen, kados kémawon boten wonten tjang poeroen pitados. Koela oegi dipoen-salahaken, déné damel serat sebaran tanpa ngatoeri G. A. roemijin. Nanging kalepatan koela poenika boten andérah nredjang waler ingkang koela sampoen mangertos, dus boten djalaran saking kopping alijah soetik poeroen mangertos. Déné bab isining serat sebaran poenika manawi kedah dipoen-sélaki, poenapa boten lingsem ginagoedjeng ing djaagad Soerakarta.

Wonten pirantos pandoea malih, tjrijosipoen pangreh K.W. oegi anekséni betjik apikipoen. Hara, dé, sadérék Dr. rak boten mangertos bedanipoen pangreh K.W. kalijan persoon-ipoen tjang, déning taksih poepoek bawang: andék poena dipoenretosaken bilih sadaja parepatan, poenika para warga namoeng gadah wewenang stem njatoenggil, pari paksa moendoet wewenang stem nenen, sarana katrangan ingkang rékanipoen ngéti koela. Ing mangka risang Dr. kala samanten sekretaris P.P.K.D. Lo poenika sadérék, serie radi nggoemoedjengaken sekedik.

Prakawis anggènipoen Njakil-njakilaken dateng koela, koela matoer noewoen; déné wonten prijantoen sampoen kapareng nglairaken panjarowé ingkang samanten aloesipoen. Ananging prakawis poenika poenapa boten malah kados bebaskan: toenggak kalangan roné. Amargi makaten: „Sareng sadérék Dr. titi boten wani rembagan zakeljik kalijan koela, ladjeng toewoeh réka dajanipoen anggosoek para pangreh P.P.K.D., rékanipoen badé kanggé kanta ngwijojeng koela, ingkang ladjeng koela wangsoeli serat katiti mangsan ping 22-5-1929 no. 236/v. Salebeting katrangan ngrikoe wonten oekara (nanging boten toemoedjoe dateng sadérék Dr.) oenggelipoen: „Darmaning satrija ingkang sampoen poeroen ngogemi kajakinanipoen, poenika sirik jèn ngantos kalebet ing bebaskan: „Soediréng wirang djirih lalis.“ Mangké mindak kados soembaripoen danawa Tjakil, ingkang mangwoeh minti tanding mawi ménga-ménga ngawé-awé kanti janoen, nélakaken manawi alitan manah.“ Tjabarang aksi, wedaring rede wonten ing parepatan: kirang preloe koela tirokaken, wosipoen andjati moendoet lèrèh saking kapanitran P.P.K.D. Koementar boten preloe mindak amemandjari rembag ingkang tanpa paedah: déné pitemboengan (zie Sw. T. no. 19) sanèsipoen ingkang koela manah radi milangkah dateng sadjawaning garis kasoelisan, tjepak koela atoeraken wangsoel, rampoeng. Atoer koela tjepak koela poenggel samanten kémawon, kanggé andjèrèng sapinten oekoeranipoen tjang ingkang koela manah pagedonqanipoen soelaja kalijan bakoe djedjer Katholiek: amargi ing Swara-Tama angka 17 wosipoen namoeng djalaran katanaman ing serat sebaran, sadérék Dr. ladjeng atindak ngosok-wangsoel padatan ingkang boten dados pangadjing-adjeng koela; kadjawi poenika koela sampoen boten badé ngalajani rembagan ing riki malih, éman-éman lesan koela, aloewoen kanggéja toemoet oedoeng nrembag betahing gerakan kita Katholiek, mbokmanawi wonten ginanipoen kanggé toeroen kita ing winking.

njoewoen ngapoenten
H. DWIDJADISASTRA.

SAKING PAKEMPALAN.

Katoer dateng K.W.-K.W.

Wonten ing Soewara - Tama No. 24, wedalan woelan Djoeli tanggal 26, pandjenenganipoen Rama D. Hardjasoewanda anjéntang pakabaran saking K. W. ing Ngajodja, bilih Pandjenenganipoen waoe boten karsa badé dipoentjaosi tanda-mripat. —Mangka D.B.P.K.W. sampoen kaladjing kintoen serat dateng K.W.-K.W. preloe neda oeroenan arta, sarta doemoegi titimangsa sapoenika (Djoeli tanggal 27) sampoen wonten K.W. sawatawis ingkang minangkani panedanipoen Pangreh P.K.W.; i. p.: K. W. Ambarawa f 5; K. W. Semarang f 5; K.W. Ngajodja f 10; K.W. Magelang f 7,50 toewin K.W. Klatèn f 3.

Ing sarèhning prijantoen, ingkang badé dipoentjaosi sampoen kawedal pangandikanipoen „boten karsa,“ amila Pangreh P. K. W. kapeksa anjelet karekatipoen neda oeroenan waoe toewin njoewoen priksa dateng K.W.-K.W. ingkang sampoen kintoen arta dateng artaka P. K. W., poenika karsanipoen kados-poendi; poenapa jatra waoe:

- katandjakaken manoen kados karsanipoen Rama Hardjasoewanda, kasebat wonten ing Sw.-Tm. No. 24 woelan Djoeli tanggal 26?
- kapoendoet Wangsoel malih?
- kalebetaken ing kas P. K. W.; oepami kanggé Contributie oetawi namoeng kadanakaken kémawon?

Inggang poenika Pangèh P.K.W. anjenjadang paringipoen katrangan. —Bilih boten paring kabar, kanggep pasrah dateng Pangreh P.K.W. *Dagelijksch Bestuur P.K.W.*

K. W. MEDARI.

Wajang - darma.

Jèn tanpa alangan, wiwit bédjeng 6/7 Agustus doemoegi 9/10 Agustus 1929, dawah dinten malem Rebo Paing doemoegi malem Setoe Kliwon, K.W. Medari badé ngènggali anggènipoen jasa ringgit-tjang. Sarta sabèn ngadjingaken wajang djedjer, badé dipoensoekani pepoetjok, nDajakan, Standen, Pentjak, Tooneel, sekar Djawi, menjanji. slp. Sabèn daloe gantos lampahan lan gantos pepoetjok.

Papanipoen manggèn ing Standard-school Medari. Sinten ingkang mriksani kedah bajar séwan. Déné angsal-angsalanngan bebathèn, badé kanggé dana dateng: 1e. Ardjenaschool Sléman. 2e Pangroekti-Laja

lan 3e Kerk Medari. 4e Soesila-Besksa Kadisaba.

Inggang poenika réhning wontenipoen keraméjan waoe boten namoeng badé ngetingalaken kesagedanipoen, nanging sapéranang ageng perloe pados arta, lan ginanipoen . . . ngertos pijambak, mila koela njoewoen kanti sanget dateng sedaja ingkang sakinten tanpa alangan, koela atoeri merlokaken.

K. W. Medari.

Soemerep tradjanganipoen K.W. Medari ingkang makaten poenika, manah kita ageng sanget. Kita anggadhahi pangadjing-adjeng, bédjeng K. W.-K. W. sanèsipoen inggih badé angadani bangsanipoen makaten poenika, perloe kanggé njembadakaken jejasan-jejasanipoen.

Red. Sw. T.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Kala tanggal 21 Februari, ing nagari Tjina wonten dominé ngrasoek Agama Katoelik sareng-sareng kalijan garwa poetraniipoen. Inggang nampekaken Salira Dalem sarta Sar-kramèn Kasantosan pandjenenganipoen Mgr. Huarte, Biskop ing Wu-hu. Dominé waoe asmanipoen Paul Hila. Paul Hila pantjèn kadoenongan watak rasoel, ngantos saged martobataken maha-siswa bangsa Tjina kalih tjatjahipoen.

— Gotrah Katoelik ing nagari Tjina oegi ngangkah nglebetaken kagoenanipoen wonten Agama. Retja dalem Dèwi Marjah, éman badé katjéngkok mangagem kados ratoe poetri Tse Hsie, ingkang misoewoer éndah sanget agem-agemanipoen. Inggang kaanggé pola, gambaripoen sang ratoe poetri rikala ngadi boesana. Déné gambar waoe damelanipoen Miss Carl.

— Nalika Grédja ing Gifu (Djepang) binarkahan, wonten militair Djepang kakalangan noempak kapal oedara wonten sanginggil doesoer ngrikoe asoeng pakoermatan. Inggang dawoeh, Baron Tokugawa (Katoelik) koemendanang wadya-bala montor maboer!

Rikala kasemowakaken, katah prajagoeng Djepang ingkang andatengi. Kala samanten admiral Yamamoto, pangarsaning pakempalan mangrasoel-krida Djepang [— meng-gah Moentilan: O.K.K. —], andoewa wontening panjana bilih kawoela Katoelik poenika awon, boten manoen sang praboe. Kala parepatan oemoem, pastoe Djepang Dr. Sibutani, ndjlèntèrhaken Agama Katoelik kanti tjepak.

—Wekdal sapoenika ing tanah Schotland, djawanipoen Katoelik wonten 608.000 Ing Glasgow kémawon sampoen wonten goeroe Katoelik 2.200.

— Bédjeng woelan December, ing Antwerpen badé wonten internasionalé tentoonstelling mitontonen kagoenan-kagoenan Kristen. Nagari-nagari ingkang toemoet angregaken tentoonstelling waoe: Belgie, Nederland, Frankrijk, Duitschland, Engeland, Italië, Ierland, Hongarije, Amerika l.s.s. Para ahli kagoenan Katoelik, ing poendi-poendi sami dipoensoeroehi.

Kabar oemoem Indonesia.

Begrooting taoen 1930.

Rènggrèngan lebet wedaling arta kanggé taoen 1930, kados ing ngandap poenika:

Arta ingkang katampi f 848.718.820, arta ingkang kawedalaken f 909.190.576, toeni f 60.471.756.

Kanggé gewone dienst: tampi f 834.376.978, ngedalaken: f 832.372.105, dados saged angsal tirahan arta f 2.007.873.

Kanggé buitengew. dienst, ngedalaken arta: f 76.818.471, nampi arta: f 14.338.842, dados kapitoenèn f 62.479.629.

Manawi katandang kalijan teksiran-teksiran kala taoen 1929, arta medal kanggé gewone dienst ing taoen '30 langkoeng katah f 20.642.000, arta medal kanggé buitengewone dienst taoen '30 langkoeng katah f 11.257.000. Déné arta mlebet, toemrap gew. dienst taoen '30, langkoeng katah 24.151.000 roepijah, buitengew. dienst taoen '30 langkoeng katah f 8.490.000.

Saldo taoen '30 katandang kalijan taoen '29, toemrap gew. dienst tn. '30 menang katah f 3.509.000, semanten oegi buitengew. dienst oegi menang katah f 2.767.000.

Studiebeurs-voorschot.

Pandjenengan sampoen sami pirs, Nagari ngawontenaken beurs oetawi pitoeloengan kanggé laré-laré ingkang ngadjingaken sekolahanipoen, nanging tjang sepoeh boten gadah ragad. Arta beurs poenika waoe dipoenpendetaken arta paos. mBédjengipoen student ingkang dipoen-pitoeloengi waoe kedah amangsoelaken.

Wiwit taoen 1930 studiebeurs waoe badé kaéwahan asipat samboetan dados boten pitoeloengan, ingkang kedah kawangsoelaken kalih taoen sasampoenipoen sang student tampi diploma.

Kanggé sawatawis wekdal tatanan énggal waoe dipoentemrapaken para student [Djawi, Welandi lss.] ingkang wonten pamoelangan loehoer tok. Nagari tjalon manggali poenapa tatanan oetawi akal énggal waoe inggih saged katoemrapaken, moerid² N.I.A.S., Kweekschool, Middelb, Landbouwschool Bogor, Normaalschool, lss.

P. G. H. B. Keboemèn.

Luister martosaken: Malem Ming-goe [20 — 7 — '29] kirang langkoeng wiwit djam 9 doemoegi djam 11½ daloe, afd, Tjb. P. G. H. B. Keboemèn, damel alg. led. vergd. wonten ing Soos Djw. [Wiwara Boediardja]. Ngrembag: Damel Candidaat [tjalon] warga Raad Kaboepatèn, saking golongan goeroe; contributie. Motie nasibipoen goeroe basa [Taalonderwijzer] lan pralénan. Katerangaken ing sadérék M. Djojoprawiro. [ragi pandjari koetjiwanipoen saweg gerah éseg]. Dipoenwiwiti jèn tjang poenika gadah tresna dateng badan pijambak, anak-sémah, bendara-abdi, kawoela - Goesti, mlémbarmlémbarm doemoegi sasaming gésang.

KABAR SAKING BADJANAGARA.

L. Kaphie, njerat:

Klangsiaran Siti.

Ontjènipoen kiraka Patjar Sw. T. no. 21 taoen poenika, njata toer mawi sanget. Koela pijambak ngjektosi, kala ing Bm. dipoenwonteni klangsiaran. Loetjoe malih anggènipoen ngapalaken poenika mawi tem-bangan lagoe idjo - idjo of witing klapa. E, èh, kétoké ki lé da ajeemeen! Mangka lah wong wis toewèk-toewèk djaré. Kados-poendi raosipoen tjoba kagalih inggih: Soré-soré lebar klasir, badan sajah lèjèh-lèjèh, sinambi tembangan hidjo-hidjo, djeboel anaké nangis: pak-pak ndjalok wité, enggo oekoe gojéngan! Enget, sadinten mentas klasir, *boten tampi berahan, lo!* Kantong kosong. Sigeg.

Jèn boten apal oetawi klèntoe inggih dipoenkono - kono, poenika jektos. Mila inggih mèmper kémawon kala klasir doesoer Tambakan *) wonten réwèl-réwèlan, sang ndara mantri badé *kakrojek* tjang sadoesoer. [tanan lo]. Toedjoené kena dibedamèkaké. Ing salebeting klasiran waoe wonten loetjèn ingkang boten pantes; makaten:

Margi sang ndara mantri klasir oeninga tjang Tambakan réwèl [tjirèwèt], sang ndara mantri ngandika: „Ah wong Tambakan ki pada kaja asoe.“ [waaaah dooooh L.]

Tjang tambakan wonten ingkang mangsoeli: „Enggih darah, milah tjang Tambakan sami kados segawon, *kados ndarané mantri klasir.*“

Feit ingkang njata, paos ing doesoer Tambakan soewaoe namoeng f 1000 [leen duizend] langkoeng, sapoenika . . . f 2000 langkoeng. O, begdjamoel sadoeloer.

K. O. B.

C. Ordeeka njerat makaten:

Djokjasch Dagblad 6 Juli 1929, martosaken bilih: Hoofdbestuur K. O. B. tampi wangsoelan saking Pamaréntah ing bab rekèsi-ipoen, babagan pènsioen; kaseboet bilih: goeroe-goeroe ing pamoelangan partikelir Katholiek, walandi, oegi kalebetaken ing pranataning pènsioenipoen para goeroe-goeroe walandi partikelir [sanès Kath.]. Stsbl. 1912 no. 419, lan pranataning weduwen lan weezenfonds, stsbl. 1929 no: 813, nanging manawi:

1. Wonten ing pamoelangan ingkang angsal subsidie, oetawi ingkang manoen: pranatan-prenatanipoen, pranatan subsidie.

2. Geschikt nampèni dradjad goeroe, wonten ing tanah Indija ngriki [g e z o n d h e i d].

3. Gadah diploma, moelang vak, kados ingkang kaseboet ing artikel 1 ing anggering Europ. Onderwijs a t/m i.

Doemoegi samanten, koela enget dateng badan koela, lan kadang koela goeroe partikelir!

Tjoba koela njoewoen pirs: koela sampoen sami katjowok pens.fonds, la bédjeng tjalon badé tampi pènsioen poenapa boten?

Poendi tandanipoen? ketrangan-ipoen?

Sinten ingkang badé mènsoen? poenapa inggih sami kalijan goero-goeroe goepmèn?

Mangga sinten kagoengan: reflector!!

MANTJA - NAGARI.

TIONGKOK kalijan ROESLAN.

Prakawis pasoelajaniipoen Tiongkok kalijan Roeslan, poenika te-roesipoen makaten.

Kabar officieel amartosaken bilih paréntah kabangsan Tiongkok anete-

*) Sawetan Bm., let lèpèn Mrawoe. L.

1) Poenapa adrijh njoewoen priksa pijambak? Red.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI

EUROPEESCHE SCHOOL KALIJAN H. I. S.

(Rede Soeangkoepon wonten parepatan Raad Kawoela tanggal 27 Djoeli).

Wonten ing parepatan Raad Kawoela tanggal 27 Djoeli, toewan Soeangkoepon anggetoeni lekasipoen Nagari anggènipoen boten marengaken laré-laré Priboemi loemebet wonten pamoelangan Europeesche Lagere School.

Kala roemijin, laré Priboemi ingkang sekolah wonten E. L. S. saged tamat kanti saé, toer sapoenikanipoen ingkang katah sami adradjad inggih. Nanging samangké laré-laré Priboemi kapapanaken wonten H.I.S. ingkang dradjading piwoelangipoen langkoeng andap.

Laré laré Priboemi anggènipoen nglebeti Europeesche School poenika perloenipoen badé sinaoe basa Walandi. Nanging tetijang sami neda soepados sadèrèngipoen loemebet wonten ngrikoe sasampoen mangertos tjara Walandi. Poenapa makaten poenika boten nama papanggil ingkang kawratèn? (Tegesipoen: anggènipoen badé loemebet Europeesche School poenika badé sinaoe Walandi. Nanging laré Priboemi dipoenemohi, margi boten saged tjara Walandi. — Patjar Mérah).

Gesang sasarengan toenggil sasekolahan makaten, toemrap laré golongan warni-warni saèstoe mikan-toeki sanget. Djer ladjeng kagoelang adjèn - ingadjenan, mangertos - mangertosan. Déné manawi sadaja ingkang anakipoen Priboemi kapapanaken wonten H. I. S., poenika ateges saja mijaraken djoerang ingkang misah golongan kekalih waoe.

Margi makaten poenika, Soeangkoepon kalijan warga sanès sawatawis, ladjeng angatoeraken motie, asoeraos njoewoen:

soepados anakipoen prijantoen (landsdienaren) ingkang ablandja f150 minggah ing dalem sawoelan, kaparengana sakolah wonten Europeesche Lagere School.

Makaten sadérék pamanggihipoen toewan Soeangkoepon! Mangga sami dipoensaititèkaken!

Kita sami mangertos, anggènipoen tetijang Walandi andoewa sanget loemebetipoen laré-laré Priboemi wonten E. L. S., poenika margi mindak angrèndeti lampahing piwoelang. Awit, laré Priboemi ingkang sakolah wonten ngrikoe poenika nalika mlebetipoen boten ngeros basa Walandi sakedik-kedika. Bèda kalijan sinjo - sinjo! Inggang makaten waoe andjalari kèteripoen moerid Priboemi, oetawi lampahing piwoelang ladjeng redet!

Pamanggihipoen tetijang Walandi ingkang makaten poenika saking roemaos koela pantjèn sampoen mapan sanget!

Wawasanipoen toewan Soeangkoepon: manawi Walandi toenggil sakolahan kalijan Priboemi, andajani saja roekoenipoen golongan kalih waoe. Kosok-wangsoelipoen manawi sadaja ingkang golongan Priboemi loemebet wonten H. I. S., poenika saja angrenggagaken Kilèn kalijan Wétan. Wewaton makaten poenika inggih boten tansah leres! Boektinipoen? . . . Wontening temboeng pisahing Kilèn kalijan Wétan, poenika sinten ingkang ngawontenaken lan inggih sinten ingkang njebar? Boten lija inggih ka-oem intelektueelen. Mangka ka-oem intelektueelen poenika waoe katah ingkang soewaoe wedalan Europeesche school.

„Manawi Kilèn noenggil sasekolahan wonten E.L.S. kalijan Wétan,

CORRESPONDENTIE.

poenika andajani saé dateng golongan sakalih - kalihipoen: adjèn-ingadjenan enz.“ Nanging poenapa boten malah poen Wétan badé saged kasilep dados Kilèn? oetawi poen Priboemi kirang anggènipoen ngaosi Wétan?

Laré Priboemi kalebetaken wonten E. L. S., poenika ingkang mesti: boten saged basanipoen pijambak, boten damang tata-kramanipoen pijambak! Inggih leres makaten poenika mbédjeng diwasa oetawi sepoehipoen saged éwah. Nanging poenapa boten kirang sanget manawi katandang kalijan ingkang sakedik-sakedik inggih taksih kambon Wétanan?

„Manawa kabèh sing Priboemi kadokok ing H. I. S., ikoe saja angrenggagaké Koelon karo Wétan!“

Ing ngriki tètela toewan Soeangkoepon angadjab manoennggiling Wétan kalijan Kilèn. Prijantoen ingkang kadoenongan gagajoehan makaten poenika temtoe inggih angangkah raketing bangsanipoen pijambak! Nanging, . . . toemrap toewan Soeangkoepon semoeripoen boten makaten! Djer, ingkang kasoewoenaken mlebet wonten E. L. S., namoeng anakipoen para prijantoen ingkang bajaripoen f150 minggah. Dados ing ngriki toewan Soeangkoepon amidjèni rengganging golongan anakipoen pijambak ingkang bajar f150 minggah, kalijan f150 mandap. Lekas makaten poenika boten toeroet kalijan anggènipoen nedya ngraketa-ken Kilèn kalijan Wétan.

Koela mangertos terang: sedyani-poen toewan Soeangkoepon: badé andjoendjoeng dradjading basanipoen! Inggang makaten poenika sanget koela aosi! Mila atoer koela ing nginggil waoe sadaja boten ateges: sengit kalijan laré ingkang sakolah wonten E. L. S. Boten ateges: boten seneng manawi wonten prijantoen Priboemi njakolahaken anakipoen wonten Europeesche school. Koela namoeng anedahaken para maos, bilih:

a. Rembagipoen toewan Soeangkoepon ing nginggil katah boten maton.

b. Wiwit kina doemoegi djaman samangké, wiwit sapoenika doemoegi bédjeng, pilahing golongan toewin bangsa poenika pantjèn tansah wonten. Manawi badé kasamèkaken pantjèn boten saged! Nanging anggènipoen pilah oetawi béda waoe, boten ateges kedah pasoelajan!

Para maos! Toewan Soeangkoepon tètela anggadhahi panganggep: H.I.S. kawon kalijan E.L.S. (—Lan temenipoen pantjèn inggih makaten!—). Mila ichtjar soepados Priboemi saged klebet wonten Europeesche School.

Kita poenika sampoen kasoedijanan sakolahan pijambak: H.I.S. lss. Kawoela Walandi inggih dipoensodjani pijambak! Mila tinimbang pradondi, poenapa boten prajogi: H. I. S. kémawon dipoen-ichtjari sageda andjadjari E. L. S.? Toer, manawi makaten, toewan Soeangkoepon badé lepat ing panggrajang: amisah prijaji karo sing doedoe, sing bajar f150 moenggah karo f150 medoen! inggih sanadjan pilihan waoe temenipoen pantjèn inggih wonten!

Wasana soemangga!

Pandan Wangi 3 Agoestaes.

Taklim: PATJAR - MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

R. Soerjaatmadja—njoewoen kagoenganipoen volledig adrés roemijin, papier kaseratana S.A.S.I.S.H. kémawon.

M. Sr. Sngkr. — sampoen dipoenadjing - adjeng: tjobi sanèsipoen, dangoe-dangoe dados, ta, sampoen!

Sad. P.S. Tedjasoekisma Toemenggoengan, lot pandjenengn No. 00341 (Lotré Ngidjon).

pact waoe angleresi Tjina pasoelajan kalijan Roeslan, dados ladjeng kados déné njoekani wekdal kanggé amboektèkaken dateng djaagad, bilih nagari Tiongkok saèstoe anggajoeh katentreman.

Éwadéné, mangga sami dipoen-entosi roemijin kados-poendi mangké woesanipoen. Awit, èstoenipoen kémawon manawi wonten nalar pasoelajan makaten poenika, oengeling tilgram-tilgram boten kénging dipoenpestèkaken leresipoen. Malah terkadang tilgram satoenggah kalijan satoenggalipoen ngalèr-ngidoel.

INGGRIS kalijan MESIR.

Manoet s.k. *El Mokattam*, Inggris raos - raosipoen badé njaroedjoeki

Y I O S E N

Pekerdjaan: baik!

TOEKANG GIGI

Ongkos: pantes!!

MOENTILAN
(hotel).

Dan . . . paké garantiell!

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA **„RATHKAMP”** DJOKJA

MALIOBORO **„RATHKAMP”** MALIOBORO

DJOKJA **„RATHKAMP”** DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

TOKO H. SPIEGEL MALIOBORO 17
DJOCJA.

MAGAZIJN VAN
**LUXE- en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELLEN**

KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelg f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

**INGKANG NJEPENG LARÉ,
NGRENGGANI DJAMAN
TEMBÉ - WINGKING!**

**Prijantoen,
JEUGDORGANISATIE
sampoen kasangga
miring!!**

LOTRE BARANG

kanggé soembang soeroeng ngedegaken grédja Katholiek (tjara Djawi) ing Ngi-
djon, djinoeroengan ing Kangdjeng Toewan Goepnoer ing Ngajogjakarta. Lotipoen
wonten 1000, satoenggal - toenggaling lot pangaos f 1 (saroepejah).

Pangedoempoen pris badé kalampanan ing dinten Ngahad Legi tanggal 15
September 1929 wonten ing grija Kamar Bolah (Bondsgebouw) ing Kota - Baroe
Ngajogjakarta, poekoel 10,30 éndjing. Jèn lot-lot sadaja langkoeng énggal telas-
ipoen, pangedoempoen pris badé dipoenénggalaken.

BARANG-BARANG INKGANG DIPOENLOTRE.

Pris No. 1 pit (fiets) oetawi (of) f 100.-	Pris No. 23 gambar (koperen wandplaat met opschrift).
" " 2 " " " " " f 60.-	" " 24 komfoort nikkel.
" " 3 patéan nikkel saé (mooi nikkelen theeservies) oetawi f 30.-	" " 25 gambar 3 idji.
" " 4 kopper ageng (grootte stalen koffer) of f 20.-	" " 26 retja 2 idji (twee beeldjes).
" " 5 gambar schilderian saé (mooi schilderij).	" " 27 piring pasrèn porselin 2 idji (2 porseleinen muurborden).
" " 6 djam saé (schwarzwalder klokje).	" " 28 portepél (portefeuille).
" " 7 djam saranténé (horloge met ketting).	" " 29 salib djenéan (koperen hangkruis).
" " 8 retja G. Jésoes (beeld v/h H. Hart).	" " 30 djam (klokje).
" " 9 retja D. Marijah (beeld H. Maagd).	" " 31 portepél (portefeuille).
" " 10 wekker.	" " 32 wadah mangsi saé (inkstiel).
" " 11 vulpèn (vulpenhouder).	" " 33 bresihan (doos met toiletartikelen).
" " 12 djam (klokje).	" " 34 barang ² saé (snuisterijen).
" " 13 vulpèn.	" " 35 dompèt (portemonnaie).
" " 14 patéan (theeservies).	" " 36 pirantos kanggé ses (rook-artikelen).
" " 15 kopper (reiskoffer).	" " 37 gambar schilderian (schilderij).
" " 16 vulpèn.	" " 38 retja G. Jésoes (beeld v/h H. Hart).
" " 17 toiletdoos.	" " 39 retja D. Marijah (beeld v/h H. Maagd).
" " 18 djam saranténé (horloge met ketting).	" " 40 retja S. Joesoep (beeld v/h H. Jozef).
" " 19 patéan (theeservies).	" " 41 gambar schilderian.
" " 20 salib lan wadah lilin 2 (kruis met twee kandelaars).	" " 42 gambar schilderian alit 2 idji.
" " 21 kopper (reiskoffertje).	" " 43 gambar schilderian.
" " 22 salib lan gambar alit 3 idji (kruis met drie medalljons).	" " 44 barang-barang soetji (devotie-artikelen).
	" " 45 piring pasrèn 2 idji (twee muurborden).

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30.	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30.	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari ⁶⁾ 7.30.	Sambas 6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30.
" " Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Muntok 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30.	Ngawi ⁷⁾ 7.30.	Semarang: 7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Koek 7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang Pandjang 7.30.	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30.	Pajakombo 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30.	Palembang 7 - 9.	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Kediri 7.30.	Pasoeroean ¹⁾ 7.30.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.		Soekaboemi 6 - 7.30.	

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

rantjangan pradjandjian Inggris-Mesir damelanipoen Mesir.

Pradjandjian waoe asoerawo:

a. Hooge commissaris Inggris ing Mesir tjalon winisoeda gezant, déné oetoesan Mesir ing Inggris tjalon kasoekanan dradjad ambassadeur.

b. Oesoel soepados pradjandjian Soedan tn. 1899 dipoenakeni, kadosta: samboetanipoen Soedan dateng Mesir; wadyabala Mesir sapérangan wangsoel dateng Soedan (Pradjandjian Soedan 1899 poenika anetepaken bilih Soedan 1899 poenika anetepaken bilih Soedan dipoenereh Inggris kalijan Mesir).

c. Menawi Mesir paprangan, Inggris ambijantoe Mesir, samanten oegi manawi Inggris perang, Mesir anoeloeni Ing ngriki tétéla sanhet bilih nagari Inggris toewin Mesir salebeting manah taksih anggadhahi was soemelang bokbilih rinabasa ing mengsah. Dados jèn rinaos lebet, Kellogg pact poenika kamanah tanpa teges! — Red. Sw. T.)

Persatoean Kaoem Perempoean Tjong Hoa Indonesia.

Ing tanah ngriki, wonten pakempalan „Persatoean Kaoem Perempoean Tjong Hoa Indonesia.” Ingkang nglebeti ngrikoek pakempalan sampoen wonten pakempalan sawelas, sadaja pakempalanipoen wanita Tionghoa. Toedjoenipoen pakempalan waoe:

a. Njaèkkaken daradjading wanita (ngadjengaken sémah satoenggal, njegah idjab taksih kenémén, nebihaken wanita saking main, angadjengaken kamerdikan bab milih badé sisihanipoen [sarana patrap saé, lss.].

b. Anengenaken koewadji-ban (Mresoedi panggoela-wentah babagan toewin balé-grija soepados saged dados bijoeng bregas sarta sageda dados njonjah roemah ing-

kang boten ngoetjiwani; Amahamaken prakawis otjal-otjal sarta panganggé (oegi panganggéning anakipoen), amresoedi kawroeh kasasaran sarta pangoepakaraning badan, poenapa déné anggatosakan rembagrembag ingkang anggèngingi prakawis salaki-rabi miwah idjab).

c. Ngandelaken raos kabangsan. (Migatosaken saha mahamaken cultuur Tionghoa salaras kalijan ébaling djaman; migatosaken sadaja ébah-ébahnan wanita ing tanah Tionghoa, sarta sasaged-saged badé lalajanan kalijan sadèrèk-sadèrèkipoen nagari Tjina. Kadjawi poenika inggih angandemi toewin ngadjengaken basa, piwoelang miwah kawroeh Tionghoa.

d. Anggakkah raos manoennggal. [Ngangkah ngoepados] gagadéngan kalijan pakempalan pakempalan wanita Tionghoa ing Indonesia.

Badé njamboet-damel sasarengan. Badé tansah samekta poeroen njamboetdamel sasarengan kalijan pakempalan sanès [wanita], soeka pitoeloengan, poenapa déné jèn perloe oegi badé teteoeleng dateng pakempalanipoen prija Tionghoa.

Dipoenkèndeli boten kalijan hoerमत.

Prijantoen Goepmèn menawi dipoenkèndeli boten kalijan hoerमत anggènipoen tapi blandja boten sawoelan, nanging namoeng doemoegi dinten toemapakipoen kinèndelan waoe. Wekdal sapoenika prijantoen - prijantoen taminipoen blandja: roemijin, boten kantoen.

Margi makaten waoe sampoen temtoe kémawon manawi kinèndelan boten kalijan hoerमत, prijantoen waoe ladjeng gadah samboetan ingkang ladjeng katagih déning Negari. Gandèng kalijan saja katabipoen

prijantoen ingkang kinèndelan boten kalijan hoerमत, poenapadéné margi ngèngeti indaking prijantoen Nagari, toeminding tagihan makaten poenika adamel ribeding administratie. Mila Dep. Financien anggadhahi oesoel soepados tatanan anagih langkoengan blandjanipoen prijantoen ingkang kapotjot boten kalijan hoerमत, poenika kasoewaka kémawon.

Oesoelipoen Dep. Financien waoe sampoen kapasrahaken Paréntah dateng Alg. Rekenkamer, Alg. Rekenkamer amestani voorstel makaten poenika radicaal sanget, boten sandé sagedipoen kalampanan inggih angoerbanaken arta pinten-pinten. Alg. Rekenkamer animbangi oesoel soepados poenggawaning Goepmèn ingkang pangkat alit anggènipoen tapi blandja boten kados sapoenika: wekdal sadèrèngipoen njamboet-damel, wangsoel soepados anindakna tatanan achteruitbetaling kémawon. Anggènipoen Alg. Rekenkamer oesoel makaten, margi ingkang kinèndelan boten kalijan hoerमत poenika katabikatabipoen poenggawa Nagari ingkang pangkat andap. (— Jèn oesoel Alg. Rekenkamer waoe katampèn, ateges: toemrap prijantoen alit badé kataman tatanan achteruitbetaling, wangsoel kados soewoenipoen..... Kok molah-malih! Waoe-woenipoen nalika badé ngéwahi achteruitbetaling dados vooruitbetaling, poenapa boten kamanah kalijan pandjang??? — Red. Sw. T.)

LAKI-RABI.

Serat woelanan Prasman „En Terre d'islam”, No. 26, martosaken: Atas asmaning Pangerèh (Prasman), tw. Barthou, minister justitie, lan tw. Tardieu, minister Binnen-

landsche Zaken, oesoel dateng Kamer, ingkang soeraoipoen ngadjengaken pernatan-bab-pepatjangan lan émah-émahipoen tjang ing bawahipoen ing Kabyle (Afrika lèr).

Sebab-sebabipoen katerangkaken makaten:

Tjjang priboeni ing Kabyle, menggahing sesenengan toewin sasedèrèkanipoen katawis béda sanget kalijan tales sanès-sanèsipoen ing Algiers ngrikoek.

Inggih poenika djalaranipoen bangsa Kabyle, menggahing pakawinan lan pegatanipoen, pangedoeming waris toewin padatan sanèsipoen, kedah kapernata, manaoet pepatjak ingkang temtoe.

Ing sawatawis golongan katah, tjjang èstri kaanggep barang. Laré èstri teksih alit-alit kasadé blèkènbèkèné déning tjjang sepoeh oetawi sadèrèkipoen djaler-sepoeh. Tjjang èstri ingkang kapegat déning ingkang djaler anggèndong samboetan, ingkang katabipoen goemantoeing saking pangkatipoen ingkang djaler. Randa, ingkang boten pikantoe warisan, kaanggep dandos, dandos-an tanpa pangaos.

Poenika sebab-sebab ingkang andjalari wontening oesoel. Soeraosing oesoel:

Art. I. nemtokaken: tjjang kabil boten kénging kawin sadèrèngipoen oemoer 15 taen. Laré Kabyle djaler oemoer 15 taen, adat sampoen dipoenémah-émahaken. Mila toemrap laré djaler boten wonten éwah-éwahan; éwah-éwahan ingkang kedawahan namoeng laré èstri.

Art. II. Ing artikel II kaesoelaken: ing bawah Kabyle, boten kénging tjjang émah-émah, manawi boten mawi patjangan roemijin, lan pepatjanganipoen kedah absah lan kaseksèn déning ambtenaar ingkang kawadjab.

Art. II oegi njeboetaken, bilih tjjang badé émah-émah boten kénging kawinaken, menawi boten kanti serat saking ambtenaar, lan patjangan kalih-kalihipoen menggahing oemoer lan absahing pepatjangan, trep kados ingkang katjeta ing serat pratanda.

Art. III netepaken oekoeming sadaja ingkang nglanggar angger poenika.

Angger saèmper poenika kanggénipoen ngriki mbokmenawi badé wonten lan katah paédahipoen, ngèngeti anggènipoen laré èstri oemoer kalih welas tiga welas, asring sampoen dipoenémah-émahaken. Saweg gangsal welas poenika kémawon teksih kedah mawang kasarasaning laré, djeboel baji saminipoen sampoen dipoenpadosaken bati.

Inggih „bati”. Sabab: poenapa boten kerep kelampah tjjang ngémah-émahaken anakipoen èstri margi ngoepados sakétjanipoen? Inggih boten kalahir; nanging ingkang nilingaken boten badé kekilapan. Sakétjanipoen: moempoeng ditakokaké, lan sing nakokaké mèmper; tinimbang bésoek ora pajoe, oetawa didjaloek sanak kang ora doewé! Sakétjanipoen: botjah ndang diomah-omahaké, soeda boetoech lan ribedé; anak ana sing mikir lsp.

Aksi ngitjali padatan ingkang kados makaten, menggahing tjjang ingkang mangretos, gampil; toer laré ingkang gadah pangertos, sampoeng saged mbakang pijambak. Nanging toemrap sadèrèk padoesoenan? Kados-poendi sagedipoen ngitjali padatan poenika, manawi boten sarana radi kapengkokaken.

PRASONGKA.